ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№151 (23.309) ● 2016 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и пщэ ирилъхьащ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр щагъакІуэ Іуэхущ1апІэхэм зэрыкІэлъыплъыр игъэткІиину

**КІуэкІуэ Ю. А. КъБР-м и Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ гъэмахуэ лагерхэм сабийхэм зэрыщызагъэпсэхум зэрыкІэлъыплъым теухуауэ.**

2016 ГЪЭМ апхуэдэ лагерхэм республикэм щыщ сабийуэ мин 15-м щІигъум зыщагъэпсэхунущ, абыхэм ящыщу мини 8-м нэблагъэр унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэм ящыщхэрщ.

Правительствэм къыззригъэпэщащ комиссэ хэхар гупиллІу гуэшауэ апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэм зэпымыууэ макІуэ икІи сабийхэр зэрагъашхэм, медицинэ Іуэхутхьбзэхэр зэрыхуащІэм, абыхэм я шынагъэшагъэр къызэрызэрагъэпэщым кІэлъоплъ. КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхуКІащ апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм Роспотребнадзорым и щІыналъэ управленэм, хабзэхьмэ органхэм я лэжьакІуэхэр кІыхэщэн, къэпщытэныгъэхэр нэгъуэщІ Іуэхухэм теухуауэ егъэкІуэкІын зэрыхуейр. Республикэм и сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм дызэрыт илъэсым хухахащ сом мелуан 213-рэ мини 109-рэ.

Республикэм и ухуэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым - Перинатальнэ центрым - иджыпсту зэрелэжьым теухуауэ зэІущІэм доклад щищІащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор.

Иджыпсту а ухуэныгъэм хиубыдэ унэ псори къращІыкІ, абы и щІыбыр зыхуей хуагъэзащ, инженер коммуникацхэр зэтрагъэуващ. ПщІантІэмрэ абы кьедза щІыналъэмри зэІуэзэпэщ щІыныр нагъэблэгъащ.

КъБР-м и Правительствэм къалэн щащІащ контрактым къыщыгъэлъэгъуа Іуэху псори гъэзэщІэным, а ухуэныгъэр зэблэу кІыхэмыкІыу ахъшэкІэ къыззгъэпэщыным и нэІэ тригъэтыну. Апхуэдэу икІэщІыпІэкІэ щІадзэн хуейщ къаІэрыхьэ медицинэ Іэмэпсымэхэр гъэувынымрэ зэтеухуэнымри.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.***

● Дыгъуасэ

# Нэхъ щІэщыгъуэ ящІынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъум теухуауэ республикэм щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэр къыззэшІэпэщ комитетым и зэІущІэ дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм щызэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.**

ЗЭІУЩІЭР къыщыззІуихым, КъБР-м и Іэтащхьэм кІыхьигъэщащ махуэшхуэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзауэ зэрырагъэкІуэкІынур. Псом ящхьэу а лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъун хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъэр зэрызэкъуэтыр, мамырыгъэм зэрыхуІэкъур, ди псэукІэм зэрызиужьыр.

- Политикэ и лъэныкъуэкІэ къэралыр мы зэманым зыхэт гугъуехьхэр къэплъытэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр дгъэлъапІэным екъэлІауэ къытпэщылъ Іуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ. Шэч хэмылъу, дэ ди къалэн нэхъыщхьэр купщІафІэу ар къызэрызэдгъэпэщыныр. Гулъытэншэу зы Іуэхугъуи къанэ хъунукъым. Псом ящхьэу ди уэрамхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, утхэр, фэеплъэр, гъэзугъэр дгъэжьэбзэн хуейщ. Ди къару зэхэдгъалъхьи, республикэм и щІыхуэм я гукъыдэжьи къызэрытІэтыным иужь дивгъэт. ЗэрыфщІэщи, махуэшхуэхэм ирихьэлІэу догъэлъапІэ, я щІэхэр къыдоІуэ щІыналъэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІ, ехьулІэныгъэшхуэ зиІэ щІыхуэхэм. Сыхуейт хабзэфІ тхуэхъуа мы Іуэхугъэр вгъэхьэзырхэм хэвгъэхьэну, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий къызэрэпэщащІу комитетым хэтхэм защІыхуигъаазэм.

КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ нэхъ щІэщыгъуэу, щІалэгъуалэмрэ нэхъыжьхэмри ягу къинэжьын хуэдэу, махуэшхуэр къызэрызэрагъэпэщыпхъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъум теухуауэ республикэм щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэр къызэзыгъэпэщ комитетым и унафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд тепсэлъыхьащ лэжьыгъэр здынэсам.

ГуфІэгъуэ зэхьхьэхэр яублэнущ зыщхьэуІум и 31-м. Абыхэм щэнхабзэ, спорт, жылагъуэ Іуэху куэдкІыгъуэ щІыщхьэуІум и 31-м къызэІуахьжынущ илъэс куэдкІэ зэгъэпэщыжьын хуейуэ щыта, КъБКъУ-м и медицинэ колледжыр. Къуэдзокъуэм зэрыжиІамкІэ, еджапІэр мы зэманым процент 95-кІэ хьэзыр хъуащ. Фокладэм и 1-м Сабийхэм унэтІынигъэ зымыІІэужьыгъуэхэмкІэ зыщрагъэуэзащІ «Дыгъэпс къалэ» академием лэжьэн щІидзэнущ, къищынэмыщІауэ, Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкІэ колледжым макъамэ кадет корпус къащыщІэуахынущ, лъэсу щызекІуэну Къэбэрдей уэрамми куэд щекІуэкІынущ. Къуэдзокъуэм къыкиГъэщащ Налшык къалэ, Абхъазым и утым, щекІуэкІыну мэкъумэш жармыкІэм хэтыну Іуэхущ1апІэу, хьэрычэтыщІэу 52-м зэрызрагъэтхар.

ЗэІущІэм къыкыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин икІи и унафэм щІэт Іуэхущ1апІэхэм махуэшхуэм зэрызыхуагъэхьэзырым щыгъуазэ ищІащ къызэхуэсахэр. Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ Алэкъей Арсен къытеувыІащ Къэбэрдей уэрам къагъэщІэрэщІэжьыр къызэрызэІуахынымрэ абдеж щрагъэкІуэкІыну зэхьыхьэхэмри.

КІуэкІуэ Юрий зэІущІэм хэтахэр къыхуриджащ я къалэнхэр тэмэму зэрагъэззэщІэнум яужь итыну.

**БАГЪЭТЫР Луиз.**

● Налшык

# Къалащхьэр зыгъэдахэхэр

**Налшык и «Горзеленхоз» Іуэхущ1апІэм мы гъэм къалащхьэм и щІыпІэ куэдым щыхиса розэхэр егугъуу зэрехь.**

ХьэтІохъущокъуэхэм и жыг хадзэр, къалащхьэм и Іуэхущ1апІэ бжэІупхэр, лъэс зекІуапІэхэр - а псори ягъэдахэ розэ мин бжыгъэхэм.

«Розэр мыдрей удз дахэхэм куэдкІэ къащхьэщокІ. ЗэрыхэгъэкІэгъуейм къищынэмыщІауэ, абыхэм зэпымычу уи нэІэ ятегъэтын хуейщ, узыфэхэм зыщІыхьума хъун папщІэ», - жаІэ розэхэр зезыхьэ ІэщІагъэлІхэм.

Розэхэр щымащІэкъым Лениным и проспектым, гъущІ гъэзгу вокзалым и Іэгъуэблагъэм, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгъэзэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утыкум. Мыбыхэм я нэхъыбэр нэгъабэ хасащ. Абы лъандэрэ зыри хагъэгъуКІакъым. Пщыхьэщхьэмрэ пщэдджыжьымрэ псы щІакІэ, хущхъуэгъуэхэр и чэзум ирахьэлІэ, и лъабжьэр щІэх-щІэхьуурэ ягъэщафэ. Ди щІыналъэм сыткІи къезэгъ розэхэм я бжыгъэм къыхагъахъуэ мыхъумэ, хагъэщІынукъым.

«Горзеленхоз»-м и удз гъэкІыпІэхэм мы зэманым къыщыгъэгъащ гуащэщхьэцыр (гладиолусыр), къэрабэр, гъэгъагъэшхуэр (георгинэ). Ахэр фокладэм и кІэм нэблэгъэху хэтынущ. Бжьыхьэ удзхэмкІэ ахэр щызэрахьуэкІынур жэпуэгъуэм и пэщІэдзэхэрщ. Хабзэ зэрыхьуауэ, абыхэм ящыгъуу бжьыхьэм еэзгъ лІэужьыгъуэмкІэ яхьуэжынущ уэрам нэхъыщхьэхэм тет шархэмрэ шар ныкъуэхэмрэ зыгъэдахэ щхъуантІагъэхэри.

**ДОХЪУШЫКЪУЕЙ Динэ.**

# Щалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ-2016» зэхыхьэм лэжьэн щІедзэ

**Илъэс обланэ хъуауэ Псыхуабэ къыщызэрагъэпэщ «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэм и ящэ Іыхьэм хэтыну Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цІыхуи 125-рэ дыгъуасэ ирагъэжьащ.**

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКІУЭХЭМ зэрыжаІэмкІэ, мы гъэм абы кІуэну хуейуэ зыкъэзыгъэлъэгъуахэр цІыху мини 5-м щІегъу. Мини 2,5-м я лжьыгъэр нэхъыфІу, зэманыр, жылагъуэр нэхъ зыхуэныкъуэну къаІытэри къыхахащ. Къыхэгъэщыпхъащ мы гъэм абы хэтыну ди къэралым и нэгъуэщІ хэгъуэгухэм, Осетие Ипщэм, Курджым щыщ ныбжьыщІэхэри къызэрырагъэблагъар.

«Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэм зэрыщыІэну тхьэмахуитІым къриубыдэу ныбжьыщІэхэр зэрызыІыхуну, гупсысэ щІэщыгъуэхэмкІэ зэдзэгуэшэну, тренингхэм, мастер-классхэм, ипэ илъэсхэм пхагъэкІа проектхэм я презентацэхэм щІэсыну Іэмалыфі яІэщ.

Хабзэ зэрыхьауэу, форумым хэт щІалэгъуалэр политикэм, хьэрычэтыщІэхэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм, спортсмен цІэрыІуэхэм хуагъэзэнущ. Илъэс кІуэхэми хуэдэу, мы гъэми абы гранту 125-рэ щатынущ (юридическэ Іуэхущ1апІэ 20-м сом мелуани 2,5-рэ дэтхэнэми хуэзэу, цІыху щхьэхуэхэм я проект 75-м сом мин 300, проект 20-м сом мин 400, пщІым сом мин 500 хухахынущ). НыбжьыщІэхэм я проектхэм хэпльэнухэм яхэтщ хэгъуэгум ит Іуэхущ1апІэ нэхъ инхэм я лЫкІуэхэри. Мы гъэм проект зимыІэхэри форумым кІуэну хуит ящІащ. КъызэгъэпэщакІуэхэм къызэрыхагъэщымкІэ, апхуэдэ щІалэгъуалэм зэхыхьэм и щэху куэд къащІэнурэ гъэ къакІуэ проект ягъэхьэзырыну нэхъ тегушхуэнущ.

ЩыщхьэуІум и 5 - 12-хэм екІуэкІыну зэхыхьэм «Социальнэ хьэрычэтыщІэ», «Бизнес-утыку», «ЩІалэгъуалэ творчествэ» унэтІынигъэхэмкІэ щІалэгъуалэм я проектхэр щагъэлъэгъуэнущ. Ди республикэм щыщу абы ягъакІуэхэр гъуэгуанэ теувэн и пэ ягъэхьэзыра проектхэм тедгъэпсэлъыхьащ:

**КІарэ Алинэ**: - «Особый талант» зыфІэсща проектым и къалэн нэхъыщхьэр зи Іэпкълъэпкъым сэкъат иІэ, адэ-анэм я нэІэ щІэмыту къэна, унагъуэ хуэмыщІахэм къыхэкІауэ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэр утыку кьишэнырщ, апхуэдэхэр гъэгушхуэнырщ. Зи Іэпкълъэпкъыр тэмэму къызыдэмыбзу ди республикэм щыпсэу сабийхэм я ныбжьыр мини 6-м щІегъу, адэ-анэм я нэІэ щІэмыту, унагъуэ хуэмыщІахэм къыхэкІауэ сабий мини 4-м щІигъу диІэщ. ЗэрытщІэщи, апхуэдэ щыхуэмя ягурэ я щхьэрэ зэбгъэжауэ, унэми къыщІэкІын зытеукІытыхьыжу мэпсэу. Сыщогугъ си проектымкІэ абыхэм садэІэпыкъуфыну.

**Узденов Іэмырбий**: - «Мэшыкъуэм» щыпхызгъэкІыну си мурад «Вело-Кавказ» проектыр щІыхуэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэным, ди щІыналъэм туризмэм зыщегъэужьыным хуэгъэпсащ. Гуп къызззгъэпэщу Дагъыстэн - Псыхуабэ гъуэгур лъакъуэрыгъажжкІэ къызэпытчыну ди мурадщ. А гъуэгуанэм щытлъагъу дахагъэхэм, щІыналъэм и хабзэхэм, шхынхэкІхэм, тхыдэм теухуа видеонэтынхэр тетхынурэ YouTube-м, социальнэ сетхэм кьитлъхьэнущ, ар зылъагъуэр нэхъ тегушхуэу зыгъэпсэхуакІуэ кьытхуэкІуэн хуэдэу. Проектыр ягу ирихьэ, пхагъэкІмэ, щІымахуэм зыхуэдгъэхьэзыру гъатхэпэ мазэм, дунейр уэфІ хъужа иужь, едгъэкІуэкІыну тедухущ.

**Накуэ Даниэ, Ахэмын Залинэ, АфІэунэ Лянэ** сымэ зэгъусэу «Friends» проектыр ягъэхьэзыращ.

Пщащэ ныбжьыщІэхэм дыззрыщагъэгъуэзамкІэ, 90 гъэхэм куэд дихьэхыу зэпльа «Друзья» телесериалым хэтахэр щызэхуэсу щыта шхапІэм хуэдэ Налшык къыщызэІуахыну я мурадщ. Хуэджэбзхэм зэрыжаІэмкІэ, ар шхапІэ къудей мыхъуу, къыдэкІуэтей щІэблэм я щэнхабзэ къэухым эщщрагъэужь зэІущ1апІэ хъунущ. Махуэ хэхакІэ усэ кьыщеджэу, уэрэд щыжаІэу, кино щагъэлъагъуэу, сабийхэм я нэгу зрагъэужьу ящІынущ. Хьыджэбзхэм къызэрабжамкІэ, абы сом мин 500 текІуэдэнущ. Республикэм щыпсэу ныбжьыщІэхэм я гъащІэр а проектым и фІыгъэкІэ нэхъ гъэщІэгъуэн, я гупсысэр нэхъыфІ ящІыну, зэфІэкІ зиІэхэр мыукІытэу утыку ихьэу ирагъэсэну щогугъ.

Ди республикэм щыщу блэкІа илъэсхэм «Мэшыкъуэм» зи проект щыпхызыгъэкІахэм хьэр куэд къытхуахьащ, дыщогугъ мы гъэми апхуэдэхэм я бжыгъэм кьахэхъуэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ я лэжьыгъэ щхьэпэхэм гъуэгу ягъуэтыну.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Елькъэн Артур** *трихащ.*

# Урысейм Бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ и федерацэм КъБР-м и унафэщІхэм фІыщІэ къахуещІ

**Ныбжьыщ1эхэм я урысейпсо гъэмахуэ зэхьэзэхуэр къызэгъэпэщыныкІэ дэІэпыкъуэгъу зэрыхъуам папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм фІыщІэ къахуищІащ Урысейм Бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ и федерацэм.**

Федерацэм и унафэщІ Мельников Л. В. республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. и цІэкІэ къигъэхьа телеграммэм итщ:

«Зэман куэдкІэ ирамыгъэкІуэкІыжауэ мы гъэм бадзэуэгъуэм и 16-17-хэм Іэущхьэмахуэ лъапэ къыщыззэрагъэпэщащ ныбжьыщІэхэм Бгы-лыжэ спортымкІэ я урысейпсо зэхьэзэхуэу «Іуащхьэмахуэ и уэсыр» зыфІащащ. А зэхьэзэхуэ иным къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэу пщыкІутху хуэдизым къикІа спортсменхэу илъэс 12-м щегъэжьауэ илъэс 20-м нэс зи ныбжьу 250-м нэблагъэ хэтащ.

Урысейм Бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымрэ и федерацэм фІыщІэ къыфхуещІ а Іуэхушхуэр къызэгъэпэщыныр егъэкІуэкІыныкІэ щІэгъэкъуэн фызэрыхъуам папщІэ.

Дяпэкіи дызэгурыІуэу тэмэму дызэдэлэжьэну, бгылыжэ спортым дихьэхэм зэщІыгъуу дадэІэпыкъуну сыщогугъ».

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.***

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

# Гъэшым йолэжь

**Мы зэманым лэжьыгъэ хьарзынэ къезыхьэлІэ Іуэхущ1апІэ щхьэм ящыщ Светловодскэ жылагъуэм дэт гъэш комбинатыр.**

ДЗЭЛЫКЪУЭ щІыналъэм и жылагъуэхэм къыщащэху ар зэлэжь шэр. Комбинатым егугъуу егъэхьэзыр дэ дыззса шхур, пхъащхьэмыщхьэ лІэужьыгъуэхэмкІэ гъэІэфІа шхур, дагъэ нэхъыбэ зыщІэлъ-зыщІэмылъкІэ зэхэдза шатэмрэ тхъуцІынэмрэ, къъуейлаъэр.

Иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ хьарзынэу къыззгъэпэща Іуэхущ1апІэр хущІокъу узынышагъэмкІэ зэранигъэ къззышэ «консервант» пкъыгъуэхэмрэ къэкІыгъэ дагъэхэмрэ и ерыскъыхэкІхэм зэрыхимыльхьэным. Абы и фІыгъэкІэ щІэупщІэ щаІэщ ди республикэми, гъунэгъу щІыналъэхэми. Комбинатыр къэмыубыІэу лэжьэныжьмкІэ сэбэпышхуэ мэхъу Іэщ щхьэ бжыгъэр щынэхъыбэ Дзэлыкъуэ щІыналъэм зэрыхиубыдэмрэ Хьэмащэ, Аурсэнтх гъэмахуэ хъуп1эхэр зэрыпэгъунэгъумрэ.

«Светловодский МК» ООО-м лэжьыгъэ Іэнатіэ щагъуэтащ къуажэдэс куэдым. Іэщ1агъэлІхэм яхэтхьэм зи лэжьыгъэм фІыуэ хэзымыщІыкІрэ зи къалэныр тэмэму зымыгъэзащІэрэ. Абы лэжьыгъэр ипэкІ егъэкІуатэ.

Комбинатым и унафІэщІхэм я мурадщ нобэ гъэшым къыхащыкІ ерыскъыхэкІхэм къыхагъэхъуэну.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

■ ЗэІущІэхэр ■ Хъыбарыщ1эхэр

# КЪЭБЭРДЕЙ

■ ДифІ догъэхъапІэ ■ Матьхъэдис

● Май щІыналъэ

# ЩІыІэр къэмыс щІыкІэ

**Май щІыналъэм и псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм бжьыхьэ-щІымахуэ лэжьэгъуэм зыхуегъэхьэзыр.**

АБЫ папщІэ ищІэн хуейм и процент 80-р зэфІахащ: бжьамийхэр, электро-газ Іэмэпсымэхэр, котельнэхэр зыхуей хуагъэзащ, лэжьапІэ пэщхэр зэрахьащ, Іуэхущ1апІэхэмрэ фэтэрхэмрэ псыр зэрекІуапІэ, къагъэсэбэпар къызэрыщІашыж бжьамийхэр гъэтэмэмыным екъэпІа Іуэхухэми куэд хагъэщІащ. ЩІыІэр къэмыс щІыкІэ зэфІагъэкІынущ къахуэна лэжьыгъэр.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**

● Щ1ыуэпс

# Псыхэм яхуосакъ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩІыуэпс хъугъуэфыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и унафэкІэ Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэм щызэфІагъэкІащ псы Іуфэхэр гъэбыдэным теухуа лэжьыгъэр.**

АБЫ ЖЫЛДЖЭРУ хэтащ а щІыпІэхэм ит ухуакІуэ предприятэхэмрэ мывэкІэщхъ къащІэхьныным елэжь Іуэхущ1апІэмрэ. Мыбыхэм я дэтхэнэми яІащ псы жапІэхэр зэрагъэбыдэфын теухукэмрэ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщ1агъэлІхэмрэ.

Ди республикэм и Тэрч, Аруан щІыналъэхэми псы Іуфэхэм я щытыкІэр щІэхщІэхыурэ къащащІытэ, щІыпІэ хэтІэсхъахэм лэжьыгъэ щІыкІуфэкІуэхэр щызэзфІагъэкІ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● КъБР-м и прокуратурэм

# Хабзэм зэрезэгъыр къапщытэ

**КъБР-м и прокурор Жариков Олег иригъэкІуэкІа зэІущІэм щызэпкърахащ къэрал властым и къудамэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэм и Іэнатіэхэмрэ зэрадзэлажьэр къызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ апэ мазихым зэфІагъэкІар.**

КЪЫЗЭРАГЪЭЛЪэГЪУАМКІЭ, властым и Іэхэущ Іапі Іэхэм я пщалъэхабзэ актхэм (НПА) я проекту прокуратурэм иратым нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 25-кІэ хэхъуащ. Зи гугъу тщІы зэманым къриубыдэу апхуэдэ тхылъ 341-рэ яІэрыкъащ. Псори зэхэту республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ къудамэхэм я законопроекту 390-рэ, пщалъэ-хабзэ актхэм я проекту 279-рэ экспертизэ ящІащ. КъищынэмыщІауэ, властым и органхэм зэрызыхуагъэзам ипкъ иткІэ, Іэхэугъэу щхьэхуэхэр зэрызэкІэлъаух, хэхаущ къамылъэсэбэп актхэм я проекту 100-м нэблагъэ ящІащ.

Пщалъэ-хабзэ актхэм я проектхэм хэпльа нэужь, хуащІа дагъэхэмэ зэгъэзэхуэжьыпхъэхэмрэ къыщыгъэлъэгуэ тхыгъэу 66-рэ хуатхащ. Ныкъусаныгъэ нэхъыщхьэрэ федеральнэ законодательствэм пэщІэуэу щІыналъэхэм я пщалъэ-хабзэ актхэм я проектхэм къыхагъэтар федеральнэ законодательствэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр и чэзум нэгъэсауэ къызэрамылъытатрщ, Урысей Федерацэм зэхуигъакІуэ Іуэхуэхэр я пщалъэхэм я проектхэм къызэрыщахьарщ, я къулыкъур зэрыхуейуэ къахъэсэбэпыну е я сэбэн зыхэлъ унафэ къащтэну Іэмал езыт щыуагъэхэр зэрапІощІэкІарщ.

Республикэм и Гъэзэщ Іакі Іуэ властым и къудамэхэм я пщалъэ-хабзэ актхэм я проект 279-м ящыщу 64-м е ебланэ къэс дагъэхэр хуащІащ, зэрагъэзэхуэжьыну хуагъэуващ.

НПА-хэм я проект 58-м коррупцэ нэщэнэхэр хэлъу къахутати, зыхуэфащэ тхылъхэр хуатхащ.

«ЦІыхуэхэм я узыншагъэр тутын Іугъуэм щыхъумэнымрэ тутыным къишэ зэранытъэмрэ я ІэхэукІэ», «ХущхъуэхэкІхэр зэрызэблагъэкІым и ІэхэукІэ» федеральнэ законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр зыубзыхуу федеральнэ законхэр, апхуэдэу Урысей Федерацэм и Президентымрэ УФ-м и Правительствэмрэ я пщалъэхабзэ актхэр, «Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм къэрал политикэр щегъэфІэкІуэным и ІэхэукІэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Указ №598-м теухуауэ гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ къудамэхэмрэ республикэм и къэрал властым и Іэнатіэхэмрэ я пащта пщалъэ-хабзэ актхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и органхэм зэрекІуэкІэщІэр зэпкърахащ.

А лэжьыгъэр зэрекІуэкІым зэІущІэм арэзы щытехъуащ, етІуанэ мазихым къапэщыт къалэнхэр щагъэбелджылащ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.***

● Щэнхабзэ

# Лъэпкъ макъамэхэмрэ къафэхэмрэ я пшыхь

**ШыкІэпшынауэ Іэзэ, макъамэ Іэмэпсымэхэр къэзыгъэщІэрэщІэж Еуаз Зубер зи художественнэ унафэщІ, адыгэ-абхъаз къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ я «BZABZA» ансамблым Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуэнІэм иджыблагъэ утыку къыщрихьащ «Нанэ и къафэ» концерт гукъинэжыр. Программэр зыгъэхьэзырар Еуаз Зуберрэ Пэрыт Маратрэщ.**

ПШЫХЬЫМ кърихьэлІащ пасэрей адыгэ макъамэхэмрэ къафэхэмрэ зи псэм хэлъхэр, зи гум щызыгъафІэхэр.

«BZABZA» ансамблым концертыр нэгузыужьу икІи щІэщыгъуэу къехъулІащ. ЩІалэгъуалэм пшыхьым крихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ, я фащэкІи зыныгъыкІэкІи ныкъусаныгъэншэу утыкум зыкъыщагъэлъагъуэу. Пшыхьым кърихьэлІахэм пасэрей адыгэ-абхъаз лъэпкъ макъамэхэмрэ къафэхэмрэ кърита гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ зыхуэдэр къэІуэтэжьыгъуейщ. Егъэлеиныгъэ хэмылъу, дэтхэнэ зы адыгэм и дежкІи куэд и уасэт макъамэхэмрэ къафэхэмрэ щызэщІэжьыуэ, лъэпкъ ІуэрыІуатэр зыхуэхуэна мы пшыхьым «къыщыхутэныр». ЗэрытщІэщи, макъамэри къафэри псалъэ хуэныкъуэкъым...

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, 2014 гъэм къэунэхуа «BZABZA» гупым псынщІэу зиужьащ. Абы хэтхэм я зэфІэкІым хагъахьуэ, махуэ къэси йофІакІуэ. Ансамблым и балетмейстерхэр Щоджэн Мэчрэилрэ Къущхьэ Іэсиятрэщ, макъамэ Іэмэпсымэхэр (пшынэ, Іэпэпшынэ, шыкІэпшынэ) екІуу икІи удихьэхыу зыгъэбзэрабзэр Еуаз Зубер, Іэпсэ Дианэ, Кърдэн Тимур, Тхъэлыджокъуэ Сюзаннэ, Къунаш Темыркъан, Къуныжь Вячеслав сымэщ.

Еуаз Зубер къыхигъэщащ адыгэ-абхъаз макъамэхэр зэрыгъунэншэр, ахэр хамэ щІыпІэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхъумэн зэрахуэзфІэкІар. Апхуэдэу ар къытеувыІащ концертым хагъэхьа къафэхэм я къежьапІэм, я тхыдэм. Къэбгъэльагъуэмэ, апэу пшыхьым утыку къыщрахьа «Нанэ и къафэр» Іэпсэ Дианэ и анэшхуэм и къафэу щытащ. Апхуэдэу, илъэсипщІ ипэкІэ Сирием концерт щатыну щыкІуэм, «Хатти» ансамблым хэт, адыгэ макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэ Увыж Анзор гъэгъум дзапэ уэрэду щыжиІауэ щыта зы къафи мы концертым хагъэхьащ. Зубер фІыщІэ яхуищІащ пшыхьыр къызэрагъэпэщыныкІэ къадэІэпыкъуахэм.

Еуазым къызэрыджиІамкІэ, иджырей концертыр пщІэншэу ятащ. Иджыпсту нэхъ гупсэхуу зыхуагъэхьэзыр мы къафэр псалъэ хузныкъуэкъым...

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къущхьэ Марьянэ** *трихащ.*

● Къэрал Іуэхущ Іапі Іэхэм

# Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм щыпашэщ

**«Дыз эщІыгъуэ, нэхъ нэхуу тхуэблэнущ» фестивалым зыхуэгъэхьэзырыным теухуауэ Урысейм Энергетикэмкі Іэ и министерствэм къыщиІа протокол пщэрылъ псори Къэбэрдей-Балъкъэрым игъэзэщІащ.**

АБЫХЭМ хохьэ УФ-м и щІыналъэхэм я бюджет Іэнатіэхэм токыр къызэрыщыдагъахуэ щІыкІэр егъэфІэкІуэным, электрокъарур зэрызэрагъэзахуэ, фейдэ пылъу къызэрагъэсэбэп Іэмалхэр хэІущІыІу щІыным теухуа къызэгъэпэщыныгъэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм пыщІа лэжьыгъэхэр зэфІэхьыныр, «Энергием къит фейдэр» къэрал хъыбарегъащІэ Іэнатіэм и пщалъэм (модуль) энергетикэ декларацэхэр щызэкІэлъыхьныр.

УФ-м энергетикэмкІэ и министрым и къуэдзэ Инюшин Антон видеоконференц щІыкІэм тету шыщхьэуІум и 2-м иригъэкІуэкІа Урысейпсо зэІущІэм республикэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщызэфІагъэкІар аргуэру къыщыхагъэщащ.

КъызэрагъэлъэгъуамкІэ, «Дыз эщІыгъуэ, нэхъ нэхуу тхуэблэнущ» фестивалыр Урысей Федерацэм и щІыналъэ хыщІым щІигъум я административцэхэм даІыгъащ. Ятэ отчётхэр зыхуэдэмкІи, зэфІагъэкІа Іуэхуэхэмкіи КИФЩІ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым бжьыпэр щиІыгъащ.

Фестивалыр гъэхьэзырыным пыщІа къалэнхэр зэфІэзэхыну комитет щхьэхуэ республикэм къыщызэрагъэпэщащ. Абы хэтщ министерствэхэм, Іуэхущ Іапі Іэхэм, щІыпІэ самоуправленэм и Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр.

КъБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэуп Іэ кІэлъыплъныныгъэмкІэ и къэрал комитетым и Іэнатіэ кбр.рф/сайтым Урысейпсо фестивалыр зэрекІуэкІынум зэпкърыхуэу фыщыхагъэгъуэзэнущ.

**ГУЗЕЕВЭ Индирэ.**

● Фондхэр

# Президентым и дэІэпыкъуныгъэр ялъоІэс

**Къалэ щІыкІуэхэмрэ къуажэхэмрэ щІыхуэхэм я жыдэхэрагъыр щадэзыІыгъ «Перспектива» Фондым ещанэ зэпеуэм хыхьэнухэм я тхыльхэр (заявкэхэр) фокІадэм и 1 пщІондэ Іихыну. Абы къурикІуар жэпуэгъуэм и 17-м зэхалъхьэжынущ.**

НОБЭ ИРИХЬэПІЭУ Фондым заявкэ 50-м щигъу ираташ. АбыкІэ нэхъ жыдэхэрщ Саратов областыр, Башкортостан, Тэтэрстан, Саха (Якутие), Удмурт республикэхэр. ИпэкІэ щыІа зэпеуэхэм къызэрагъэлъэгъуащи, проектхэм я нэхъыбэр щатыр ягъэува пІалъэр щиухырщ. Къапщтэмэ, зэпеуэ кІуам ягъэхьа тхыльхэм я процент 70-м нэсыр иужьрей махуэплІым къриубыдэу Іахуэ щытащ. Абы къурикІуар шыщхьэуІум и 15-м къапщытэжьынущ.

«Перспектива» Фондым и къалэныр Президентым и грантхэр яхуэхъыныр и закъуэкъым, атІэ мылъку зэрызэщІагъэуІуэ нэгъуэщІ Іэмалхэми мыкоммерцэ организацэхэр хуеГъэджэныщ. Мы гъэм щегъэжьауэ ар ядолажьэ Boomstarter краудфандинг зэгухьэныгъэм.

- Езыхэм я жэрдэмкІэ къыддэІэпыкъуэхэр ди щІэгъэкъуэну, къуажэ щІыпІэхэмрэ къалэ щІыкІуэхэмрэ зегъэужьыным теухуа проектхэр ди нэІэ тету пхыдгъэкІыну ди мурадщ. Мазэ къэс проектищым нэблагъэм щІыхуэхэм я мылъку къыхедгъэлъхьэну, а Іуэхум СМИ-хэм дыщытепсэлъыхьыну, административнэ лъэпощхьэпохэр гъэмэщІэныжьыкІэ сэбэн дыхъуну, бизнесыр къыхэтшэну дыкъэзыщІ,- жеІэ Фондым и унафэщІ Свинин Александр. - Зэпеуэм щытекІуэ проектхэр Boomstarter-м щызэбгредгъэхьынущ. Грантым хущІэкъуэ организацэхэр краудфандингым и Іэмалым хуэжьджэру, щІыхуэхэр абы хуагъэушыфу щытын хуейщ.

Зи проектыр зыгъэлъэгъуахэм ящыщу ятэу бжьыпэр зыубыдар «Гъащ Іэм и псынэхэр» жылагъуэ организацэм и унафэщІ, Карелием щыщ Варлевская Надеждэ ейрщ. АбыкІэ мэкъумэш лэжьыгъэм и центр иухуэнущ, иджы щІидзауэ мылъку зэхуеХъэ.

***Гу зылъытапхъэ:***

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкІа Унафэ №68-рп-м ипкъ иткІэ, «Перспектива» Фондыр къалэ щІыкІуэхэмрэ къуажэхэмрэ щІыхуэхэм я чэнджэщхэм грантхэр яхуэхэзых операторщ.

# ЗэІущІэ гуапэ

**Шыщхьэуіум и 5-р Светофорым и дунейпсо махуэщ. Иджырей Іэмэпсымэхэм я япэрейр 1924 гъэм Кливленд америкэ къалэм щагъэувауэ щытащ. Абы щыгъуэм плъыжьрэ удзыфэрэт къабларэ, щагъапкІэм и деж макъ ищІырт.**

КЪЭР-м щыІэ МВД-м и тхыдэ муэйм и лэжьакІуэхэм мы махуэм теухуауэ зэІущІэ гуапэ къызэрагъэпэщащ. Абы ирагъэблагъэ налшыкдэс щІыкІуэхэм яхуэзащ МВД-м и ветеран, Налшык къалэм и милицэ къудамэ №93-м и ГАИ Іэнатіэм и унафэщІ къалэнрэ илъэсиз 10-кІэ езыхьэкІа, хабзэхъумэ Іэнатіэм псори зэхэту илъэс 34-кІэ щылэжьа полковник Тэмазэ Азрэталий.

Тэмазэр тепсэлъыхьащ езым мы Іэщ Іагъэр къыхиха зэрыхъуамрэ муэйм щІэтъ хьэпшыпхэмрэ. Ахэр нэхъыбэу ГАИ-м и лэжьакІуэхэм къагъэсэбэп Іэмэпсымэхэщ. Азрэталий сабийхэр щыгъуазэ ищІащ гъуэгум зэрыщІэкІуэу хабзэхэм, ахэр зэрыгъэзэщІапхъэм, а псори къыпфІэмыІуэхумэ, къыпщыщІынкІэ хъунум.

НыбжьыщІэхэр дихьэхауэ едзІущ нэхъыжьым къажриІам, икІи абы и чэнджэщхэм тетыну, хабзэр уэим ямыщІыну къагъэгугащ.

МВД-м и ветеран, Европей юридическэ кІулыкъуэм и Іэщ Іагъэлъ Ноговиковэ Светланэ зытепсэлъыхьар сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ я къалэнхэмрэщ.

Светофорым и махуэм теухуа зэІущІэр гукъинэжь ищІащ «Ди дэІэпыкъуэгу Светофор» фІащауэ асфальтым сурэт тещІыхьынымкІэ зэрызэпеуам. Зэхьэзэхуэм кърикІуахэмкІэ бжьыпэр хуагъэфащащ нэхъыщІэ дыдэхэм. Командэхэм ираташ Европей юридическэ кІулыкъум къыбгъэдэкІ Іэфі ыкІэхэр, тхылъхэр, сабий спектаклымрэ Налшык къалэ и ИЗО музейм езыгъэблагъэ билетхэмрэ. НыбжьыщІэхэм МВД-м и музейм зыщгъэпІлъыхьащ.

***Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.***

# Мы махуэхэм

**Шыщхьэуіум и 6, *щэбэт***

**♦Ядернэ Іэщэр мыдэным и дунейпсо махуэщ**

**♦Хиросимэ и махуэщ.** 1945 гъэм Японием и Хиросимэ къалэм США-м и къъухьлъатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ.

**♦«Дунейм и дохутырхэр мамырыгъэм и телъхьэщ» дунейпсо махуэщ**

**♦УФ-м Гъущ Іи гъэзгум кулыкъу щызыщІэ и дзэхэм я махуэщ.** 1851 гъэм Урысей къэралыгъуэм гъэзгу зэрыщІэныгъэхэмкІэ и командующэ нэхъыщхьэм унафэ къыдигъэкІащ Санкт-Петербургэ Москваръ зэпызыщІэ гъущ Іи гъэзгур гъэлэжьэныр зэхуэмыныр теухуауэ.

**♦Боливием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

**♦Аргентинэм щагъэлъапІэ Сабийм и махуэр**

**♦1889 гъэм** боксёрэм Іэлъэ яІэрымыгъыу ирагъэкІуэкІа иужьрей зэІущІэр зэхэтащ.

**♦1940 гъэм** Эстониер СССР-м хагъэхьащ.

**♦1961 гъэм** совет космонавт Титов Герман «Восток-2» кхъухьым ису хьэршым лъэтащ. Гагарин Юрий и ужькІэ хьэршым кІуар аращ. Титовыр хьэршым итащ сыхьэт 25-рэ дакъикъэ 11-кІэ, ЩІыр 17-рэ къиІэтыхьыжьу.

**♦1941 гъэм** ВЛКСМ-м и обкомым унафэ ищІащ республикэм и щІалэгъуалэм ящыщу Дзэ ПІлъыжьым связист 400 хуагъэхьэзырыну.

**♦1991 гъэм** япэ Интернет-серверым лэжьэн щИдзащ.

Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор **Къасым Алий** къызэрагъэхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Челик Уэсмэн (Хьэкъуратэ)** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УэрэджьыІакІуэ, Адыгэ Республикэм и къэбзэ артисткэ **Шэгъудж Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Плехановым и цІэр зезыхъэ академиеи и профессор, ЩДАА-м и академик **Пащты Лолэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 23-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуіум и 7, *тхъэмахуэ***

**♦Гъущ Іи гъэзгум щылажьэм и махуэщ**

**♦1646 гъэм** Къэзакъ атаман Пожарский Семёнрэ адыгэпщ Черкасский Муцалрэ зауэлІ мини 6 зыхэт я дзэр Нурадин-Джэрий и лагерым теуэри, къэбэсабэу зэтракъутащ.

**♦1803 гъэм** «Надежда», «Нева» кхъухьхэр, капитан-лейтенантхэу Крузэнштерн Иванрэ Лисянский Юрийрэ зи унафэщІхэр, дунейр къызэхакІухьыну ежьащ. А зекІуэр илъэсищкІэ екІуэкІащ.

**♦1833 гъэм** Черепанов зэадзэзкъуэхэу Ефимрэ Миронрэ Урысейм япэ дыдэу мафІэгу щащІащ, Іущ Іи гъэзгууи километри 3,5-рэ щаухуащ.

**♦1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкІэ щагъэуващ.

**♦1987 гъэм** Америкэм щыщ, псы есныныкІэ цІэрыІуэ хъуа Кокс Линн уи фІэщ мыхъун хахуагъэрэ тегушхуэныгъэрэ къыкъуэкІащ. Градусих фэкІа зи мыхуабагъ псым щесурэ, США-м и къыщыщІидзэри Урысейм къэсащ ар. Кокс зэпиупщІащ метр 4160-рэ зи кІыхьагъ Берингов псыдзэкъпІэр - Аляскэ штатым хыхьэ Диомид ЦІыкІу хьтІыгум къыщежьэри, Урысейм и Диомидышхуэ хьтІыгум нэсу хым къызэпрысыкІыфащ.

♦УэрэджьыІакІуэ, СССР-м, Украинэм, Молдавием я цІыхубэ артисткэ **Ротару Софие** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Футболист, тренер цІэрыІуэ, СССР-м щІыхь зиІэ и гъэсакІуэ **Газзаев Валерий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ киноактёр цІэрыІуэ **Духовны Дэвид** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 30, жэщым градус 19 - 23-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуіум и 8, *блыщхьэ***

**♦Швецием и Къэрал ныпым и махуэщ**

**♦1899 гъэм** США-м дунейм щыпэу щІыІалъэ щызэпкъралъхьащ.

**♦1900 гъэм** теннис спорт лІэужьыгъуэм и саугъэт нэхъ лІыпІэ дыдэр - Дэвис и Кубокыр - ягъэуващ.

**♦1924 гъэм** Москва къалэ кІуэцІым япэ автобус линэр щаутыпщащ.

**♦1941 гъэм** Сталин Иосиф советыдзэхэм я командующэ нэхъыщхьэу ягъэуващ.

**♦1942 гъэм** ЗыхъумэжьныгъэмкІэ Налшык комитетым унафэ ищІащ къалэм и къыдыхьэпІэхэм быдапІэхэр щаухуэну.

**♦1949 гъэм** Страсбург (Франджы) щызэхэтащ Европэм и Советым и апэ сессиер.

**♦1955 гъэм** СССР-м къыщащтащ илъэсым къриубыдэу зы мазэ лэжьакІуэм зигъэпсэхуныныр ныбжьыщІэхэр лэжьэну хуит зэращІымрэ ятеуауэ хабзэхэр.

**♦2008 гъэм** XXIX Гъэмахуэ Олимп джэгухэр къызэІуахащ. Ахэр шыщхьэуІум и 8 - 24-хэм екІуэкІащ.

♦Урысей Федерацэм и мызакъуэу, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа нэ дохутыр Іэзэ **Фёдоров Святослав** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр,Кином и Унэм и унафэщІ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, «Ника» саугъэтыр зыгъэувА **Гусман Юлий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер **Марыщ Заур** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Къхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь **Савицкая Светланэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Къудалий Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщещхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 30, жэщым градус 19 - 23-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬэКІэМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**УмыгъэтІылъ къэпщтэжыркъым.**

● Инвестицэ проектхэр

# ПІалъэр ягъэІэпхъуэ

**Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и унафэкІэ, КИФЩІ-м и щІыналъэм щагъэзэщІэну инвестицэ проектхэм халъхьэну щІыхуэхэм къэрал щэсыпІэхэр къахуэзгъэпэщыныкмкІэ зэпеуэм хыхьэну Іэнатіэхэм я тхылъхэр (заявкэхэр) щыІах пІалъэр щыщхьэуІум и 15 щІондэ ягъэІэпхъуащ.**

КЪЭРАЛЫР зыдэІэпыкъунур 2025 гъэм нэсыху социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкІэ КИФЩІ-м зэрызиужьыну Стратегием щыубзыхуахэм къитІасэ инвестпроектхэрщ. Кредитыр Урысей банкым къыщащтэн, проектыр щагъэзэщІэну щІыналъэм зыщІагъэкъуэн, апхуэдэу 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м УФ-м и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №1017-м и епІанэ гуэдзэм зэрыщыжиІэм хуэдэу, компаниием и финанс Іуэхур зэІуб зу щытыпхъэщ.

Псори зэхэту къэрал щэсыпІэ зиІэу бюджетым щагъэбелджылар сом мелардипщІщ. Дэтхэнэ компаниемэу хухахынур щылхуэм и процент 70-м нэсщ, ауэ сом мелуан щищым и кІэ хихуэнухъэсым.

2011 гъэм накъыгъэм и 4-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №338-мкІэ къэралыр щэсыпІэу зэрыув хабзэр ящІащ. А тхылъым ипкъ иткІэ, Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іэхэухэмкіэ и министерствэм проектыр къыхех, къэрал щэсыпІэ етынымкІэ унафэр УФ-м и Правительствэм зэхуегъакІуэ.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ къэрал щэсыпІэ Іэмалкіэ Кавказ Ищхъэрэм инвесторхэм щадоІэпыкъу. Нэхъапэ Іуэкіэ сом мелард 14-м щІигъу зыхуэзэ инвестицэ проектитхум къэралыр щыхьэту хуэувауэ щытащ.

ЩІэупщІэнухэр (495) 771-76-77-34-07, (495) 771-76-77-31-05 телефонхэмкІэ Инвестицэ проектхэм я департаментым фыпсалъэ.

***Къызэгъэпэщакіуэ комитет.***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныгъэ финанс Іуэхуэхмкіэ щІэгъэбыдэныжьмкІэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэ - бухгалтер учётымрэ финансхэмкІэ къудамэм и унафэщІ **Шагьыр Тамарэ Мухьэмэд и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **АфІэунэ Руслан Мухьэмэд и къуэр** зэрылІам къыхэкІыу.

## ОПРЫШКЭ Олег:

# Тхыдэм дегъэIущ, гъащIэм дыхурегъаджэ

*Тхакlуэ, тхыдэдж-архивист, щlэныгъэлl цlэрыlуэ Опрышкэ Олег 1936 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м Нартан къуажэм къыщалъхуащ. И Iэщlагъэм хуэпэжщ, гуащIафIэщ, дэфтэрхэр и щlэгъэкъуэну матхэ, зэманым щIихъуми цlыху тельыджэхэм я цlэхэр, къэхъуагъэхэр сэтей къызэрищlыным, дерс щхьэпэхэр щlэджыкlакlуэхэм къызэрыдитыным псэкlэ хущlэкъуу. Нэхъыщхьэращи, и мурадхэр, хьуэпсапlэхэр къохъулlэ. Щlэныгъэлlым псори зэхэту тхыдэр зи лъабжьэ документальнэ публицистикэ тхыль 14 къыдигъэкlащ.*

*Опрышкэ Олег Налшык къалэм и тхыдэ къэрал архивым, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и къэрал институтым археологиемкlэ и секторым, Налшык къалэм и Лъахэхутэ музейм, иужькlэ «Эльбрус» тхылъ тедзапlэм редактору щылэжащ. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и къэрал институтым тхыдэмкlэ и секторым и щlэныгъэ лэжьакlуэ нэхъыщхьэ, УФ-м и Тхакlуэхэм, Журналистхэм я союзхэм хэтщ.*

*Тхыдэджыр Нартан къуажэм щIыхь зиIэ и цlыхущ, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакlуэщ. КъБР-м и Щlыхь тхылъыр (1997 гъэ), КъБР-м и Правительствэм (2006 гъэ), Парламентым (1999 гъэ) я Щlыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Иджыблагъэ илъэс 80 щрикъум ирихьлlэу къратащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щlэ фIыщIэм пагушI» орденыр, тхыдэ щlэныгъэм зегъэужьыным езым и щхьэкlэ зэфIэкlыщхуэ зэрырихьлIам икIи жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтыр къалъытэри.*

*Олергэ и щхьэгъусэ Ларисэрэ зылъхьу - Ольгэ - къащIэхъащ. Ари унагъуэ хъужащ. Адэшхуэ-анэшхуэхэм я гурыфIыгъуэр я пхъурылъху Дарьерэ Андрей-рэщ.*

Опрышкэ Олегрэ Кулиев Къайсынрэ дэщхуей жыг хадэм щызэхуэзащ.

# ТхакIуэр ягъэлъапIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и къэрал институтым щекlуэкlащ «По тропам истории» зэIущIэр, абы и щlэныгъэ лэжьакlуэ нэхъыжь, тхакlуэ Опрышкэ Олег илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькlэ.**

• ЗэIущIэхэр

ЗэIуIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щIыналъэ политикэмкlэ и управленэм и унафэщI **Къуэжей Артём**, КъБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ Iэхъуэхэмкlэ и управленэм и Iэтащхьэ **КIурашин Анзор**, тхылъ тедзапlэхэм, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, жылагъуэ Iэхъуэщlапlэхэм я лэжьакlуэхэр, Опрышкэ Олег и ныбжьыгъуэхэр, благъэхэр, Iыхьлыхэр.

Институтым и унафэщI, тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор **Дзэмыхь Къасболэт** и псалъэм къыхигъэщащ иужьрей зэманым тхыдэм теухуа нэтынхэр куэду ягъэхъэзыр, фильмхэр, сериалхэр къыдагъэкI зэрыхъуар, Интернетым тхыдэ сайтхэр, дэфтэрхэр зэрырыщIыгъунэжьым къыхэкIыу архивым ущIэкIуэн щхьэусыгъуэ апхуэдэу куэдрэ иджы къаззэрыхуимыхуэр.

- Тхыдэдж, публицист, тхакIуэ Опрышкэ Олег и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ. Ар нэхъыбэу зэлэжьыр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр къэгъэнэIуэныр, урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хуаIа пыщIэныгъэр къыхэщIу. Ар зэлэжьа дэтхэнэ зы темэми - Iпэ, ЕтIуанэ дунейпсо, Граждан зауэхэр, Кавказ щууей дивизэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэм я гъащIэр къэгъэнэIуэныр - мыхьэнэшхуэ зиIэщи, зыр адрейм апэ пхуигъэщынукъым. И тхылъхэм къыхэщ лIыхъужьхэм я гъащIэр траухущ къуралым кlулыкъу хуэщIэным, лIыгъэр хахуагъэр кlагъэлъагъуэу. Нэхъыщхьэращи, Опрышкэ Олег и лэжьыгъэхэм тхыдэм и пэжыр къыщыгъэнахуэ. Абы щIэупщIэшхуэ зиIа и «По тропам истории» тхылъыр зэIэпахыу зэрыщытам хуэдизу, ноби и Iэдакъэщlэкlэхэм зыхуагъазэ. ЩIэблэр гъэсэн, я Хэкур фIыуэ яIъагъуу къэгъэтэджкIи и лъэныкъуэкlэ абы и Iэдакъэщlэкlэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ, - жиIащ Дзэмыхьым.

Къуэжей Артём къыхигъэщащ Опрышкэ Олег республикэм и тхыдэ щlэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр зыхуэдизыр къызэрылъытагъуейр, ахэр ди щlыналъэм и мызаукъуэу, къэралым и щIыпIэ куэдым я щlэныгъэ, щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм ящыщ зэрыхъуар. Адэкlэ ар къеджащ Опрышкэ Олег «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щlиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр зэрыхуагъэфэщам теухуа унафэм.

УФ-м и Правительствэм и Къэрал дзэ тхыдэ-щэнхабзэ центрым къыбгъэдэкI щIыхь тхылъымрэ «Патриот России» дыщэ медалымрэ Опрышкэ Олег щритыжьым, КIурашин Анзор къыхигъэщащ. Тыдэ Iэщlагъэр кIыщыхихым ар щапхъэ хуэхъуауэ зэрыщытар. Апхуэдэу, КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ ПащIэ Рамедиэ и Iэхъуэщlапlэм и щIыхь тхылъыр зи юбилейр зыгъэлъапlэм тыгъэ хуищlащ. Урысейпсо Лермонтовскэ комитетым къыбгъэдэкI фэеплъ медалыр Опрышкэ Олег иритыжащ а Iэхъуэщlапlэм и унафэщIхэм ящыщ зы, усакlуэ Додуев Аскэр.

Дзэмыхь Къасболэт къеджащ республикэм и унафэщIхэм, Конституцэ судым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, республикэм и щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм къабгъэдэкIыу Опрышкэ Олег иритыжащ а Iэхъуэщlапlэм и унафэщIхэм ящыщ зы, усакlуэ Додуев Аскэр.

Дзэмыхь Къасболэт къеджащ республикэм и унафэщIхэм, Конституцэ судым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, республикэм и щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм къабгъэдэкIыу Опрышкэ Олег иритыжащ а Iэхъуэщlапlэм и унафэщIхэм ящыщ зы, усакlуэ Додуев Аскэр.

Зэхьихьэм кърихьлIахэм жаIащ Опрышкэ Олег и «На Эльбрусском направлении», «Заоблачный фронт Приэльбрусья», «На изломе времён», «Бывают странные сближения», «Небо – жизнь моя», «Памятники истории» тхылъхэм мыхьэнэшхуэ, щlэнуIущIэ зэралъ, псом хуэмыдэу тхыдэм и лэжьакlуэхэм я дежкIэ зэрыплъапIэр.

ЗэIуIущIэм щхьщыпсэлъащ тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор **Тетуев Алим**, тхыдэ щlэныгъэхэм я кандидатхэу **Уэщрокъуэ Рубен**, **Жанситов Уэсмэн**, тхакlуэ, лъахэхутэ **Котляров Викто**р, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакlуэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**, нэгъуэщIхэри.

Къызэхуэсахэм, псалъэ гуапэ жызыIаэм, дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь тхылъхэр къыхуэзыгъэфэщащэм фIыщIэ хуащIащ Опрышкэ Олергэ и щхьэгъусэ Ларисэрэ.

**БЖЬЫХЬЭПI Роза.**

# УзэщIакIуэ

**Къызэрысщыхьэмкlэ, тынш дыдэу къыпхуэщIэнукъым Опрышкэ Олег и Iэщlагъэр зыхуэдэр. Тхыдэджщ, абы шэч хэлъкъым. Ерыщу и мурадыр зрегъэхъулlэ, гупсысакlуэщ, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр гъэщIэгъуэныщхьэ зэрипхыфу: къэхутакlуэщ, тхыдэм и къэхъугъэхэр зэIубз къищIыфу.**

АРХИВ лэжьакlуэщ. Ари пэжщ. И лэжьыгъэ псоми я лъабжьэ тхыдэм и дэфтэрхэрщ, архивхэм щахъумахэрщ. А архивхэм щигъэкIуащ сыхьэт минхэр, дэфтэрхэм езыр зыхуей Iыхьэхэр кIыхитхыкIыурэ («скорокопие» жыхуаIэр къэмыунэху щIыкIэ).

Тхакlуэщ, дауи. Ар къыбжаIэ и тхылъхэм я псалъащхьэхэми. Ахэр Iупщlащ, гупсысэ зыщIэлъщ, гум къонэж.

Редакторкъэ? А Iуэхуми фIы дыдэу зэрыхэзагъэр куэдым ящIэ. Опрышкэ Олег тхылъ тедзапlэм щIэгъэзащIа редактор лэжьыгъэшхуэм зыубгъуауэ утепсэлъыхь хьунущ.

ЖыпIэнуракъэ, ар щlэныгъэлlщ, тхакlуэщ, редакторщ. Абыи къыщынэрхьыщ. Гъэзугуэлъаъуэщ, къыздэкIари къэкIуэнури тхуэзыубзыхущ. Пэжыр дэзыгъэлъагъэщ, фIым дыхуэзыщIыщIщ.

Опрышкэ и тхылъ псори архивым «къыщалъхуауэ» жыпIэ хьунущ. Дэтхэнэ къэхъугъэри абы къызэрыдигъэлъагъур дэфтэрхэмкIэщ. Аращ зи гугъу кьыгъхуищIэр зэрыпэжым щэч пlэпкъи къыщыIытедмыхьэр.

Къымидакlэ, Опрышкэ Олег и тхыгъэхэм къахощ гъащIэм и пльыфэ нэхъыщхьэхэр: цlыхухэм я хьэл-щэнэхэр; хахуагъэр, лIыгъэншагъэр, гущIэгъур, гущIэгъунышагъэр - а псори нур гуапэ гуэркIэ зэщIэблэу.

Олег сабэпышхуэ къытхуохъу, тхыдэм пыщIа тхылъхэр къыщыдэдгъэкIкlэ. Ар куэдым щы-гъуаэщ, «энциклопедист» жыхуаIэм хуэдэщ. Сыту фIыт узэрыдиIэр, цlыху щхьэпэ, узэщIакlуэ телъыджа!

**КОТЛЯРОВ Виктор**, *тхылъ тедзапlэм и унафэщI, лъахэхутэ.*

• Кlэщl дыдэу

# ФIыщIэ жыг зыхуэфащэ

Сэ къысфIощI ди лъпкъхэм ящыщ куэдым нэхъ Опрышкэ Олег нэхъ адыгэу икIи нэхъ балъкъэру. Абы си дзыхь изогъэ. Ар лжьыгъэфIым утезыгъэгушхуэ тхакlуэщ, цlыху Iущщ.

**ТЕППЕЕВ Алим**, *тхакlуэ.*

* * *

Опрышкэ Олег зи лъэхэм, зи Iэщlагъэм хэпэж тхыдэдж хъарэзынэщ, дэфтэрхэр зи щlэгъэкъэнэщ, лъэпкъым и тхыдэр джыным щIэблэр хуэзыгъуэщ, фIыщIэ жыг зыхуэфащэщ.

**КЪЭЗАКЪ Аслъэн**, *тхыдэ щlэныгъэхэм я кандидат, подполковник.*

* * *

Согъэщlагъуэ Опрышкэ Олег и бэшэчагъэр, ерыщагъэр, ар дихьэхауэ, гугъуехьэхэр зыхимыщIэу, хьэлэмэту икIи купщlафIэу цlыхубзм зэрахуэлажьэр. ФIыщIэ хузощI абы и лэжьыгъэфIым папщIэ, псэуэсэм дунейм ехьжахэми я цlэкlэ.

**РЫБИНЦЕВ Иван**, *тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор. Винницэ къалэ*

* * *

Опрышкэ Олег тхыдэдж Iэкlуэлъакlуэщ, егупуу зэхуехьэс архив дэфтэрхэр, ди хэкуэгъуэм я лIыгъэм, цlыхугъэ лъагэм, къызэранэкlа гъэугъанэ хьэлэмэтэхэм теухуахэр. Удахьэх абы и тхылъ нэхъыфIхэм ящыщ зым («По тропам истории») хэт лIыхъужьхэм ятеухуа напэкlуэцlэм. Мы тхылъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlэныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэхъуауэ къэлъытапхъэщ. Абы хьарзынэу кlеIуатэ ди лъахэм и лъэпкъхэм блэкIа зэманым яIа псэукIэр, адыгэхэм, балъкъэрхэм, урысхэм яку дэлъа зэнывбжьэгъугъэр, зэхуэцlытыкIэфIхэр.

**МАМБЭТ Хьэлым, МАФIЭДЗ Сэрэбий**, *тхыдэ щlэныгъэхэм я докторхэщ. 2005 гъэ*

# ЛIыгъэ

**Блэкlа лIэщlыгъуэм и 60-70 гъэхэм ди республикэм щыхъэпащIысащ Опрышкэ Олег и цlэр, и Iэдакъэщlэкl тхылъым и щытхър. Нартан къыщалъхуа, Тэрч къэзакъэм я лIэужь тхыдэджым а зэманым лIыгъэ къигъэлъэгъуауэ къэплъытэ хуэнуц - абы и тхылъым («По тропам истории») къыщIиуэтэжат адыгэ аристократхэм я къекIуэкIыкlар, я псэукlар, я лэжьыгъэ щхьэпэхэр.**

НэХЪ иужьыIуэкIи а темэр Iэщlыб ищlакъым. Абы и тхылъэм Iупщlу къыщигъэльэгъуащ Совет Союзым и лъэхъэнэм фIыкIэ зи гугъу ямыщIу щыта пlэпкъыпlхэм (къэбэрдей щlыхьэмрэ лакъуэлIэшхэмрэ) ягъэхьахэр, урыс, адыгэ, балъкъэр, нэгъуэщI лъэпкъхэми яку дэлъа зэпыщlэныгъэфIхэр. Абыхэм Опрышкэ хуэдэу зыубгъуауэ, пэжыр и бгъуэзэу нэхъапэхэм зыри тепсэлъыхьатэкъым. Ар гупсысэ хэха, пщlэ, нэмыс зыхуэщlыпхъэ щlэныгъэлI, лIыхъужьхэр, къэхутакlуэ гъуэзэджщ. Абы и щlыхьэтщ и кlуалэмыпэм къыщIэкIа лэжьыгъэ нэгъуэщIхэм я щlыхь хуитъыжьыр зэрыпхъэ щlыхь зэрыщIэ, щlэныгъэ къэхутакlуэ гъуэзэджщ. Абы и щlыхьэтщ и кlуалэмыпэм къыщIэкIа лэжьыгъэ куэдыр, нэгъуэщIхэм ятхуэу дунейм къытехьэныр хуитъыжьэщ, тхыдэм пыщIа Iуэхугъуэхэр Iэкlуэлъакlуэу къызэрыщIэщхьэр, адыгэхэм, балъкъэр, нэгъуэщI лъэпкъхэми я Iэужьыфlхэм хуэгуфIэхэр, хуэусэхэр.

**ДУМЭН Хьэсэн**, *тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор. 2006 гъэ*

# ЛIыхъужьхэм я цIэхэр къэзыIэтыжа

**Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я тхыдэр къэзыIэтыжа Опрышкэ Олег фIыщIэ жыг хуэфащэщ.**

ЦlыХУХЭМ я гуапэ мэхъу я лъэпкъгъуэм, я адэжьым ятеухуахэр къызэритIэщlыжыр, зэрыгушхуэ лIыхъужьхэм я цlэхэр къызэритэтыжыр, къызэригъэнэхужыр. Ар сыт щыгъуи жыджэру архивхэм щылажьэу къекIуэкIащ. Ноби апхуэдэу къэнэжащ. ЗэрытщIэщи, тхыгъэ хьэзырхэр щыбгъуэт Интернетым иджыпсту куэдым зэратащ. Абы и лъэныкъуэкlэ Олег и Iэдакъэ къыщIэкIахэр архивым къыхиха, пэжыр зи лъабжьэ дэфтэрхэмкlэ щIитъэбыдэжащ. Абы хуэзфIэкIащ Iпэ дунейпсо зауэм, Хэку зауэшхуэм, Граждан зауэм хэта, зи псэ емыблэжа ди лIыхъужьхэм я хахуагъэмрэ зэрахьа лIыгъэмрэ ди деж къихьэсыжьхи. Апхуэдэ тхылъхэр щхьэпэщ икIи щIэблэм егъэджын хуейщ.

Опрышкэ Олег илъэс куэд хъуауэ сыдолажьэ. Гу зылъытаращи, хьэл-щэн дахэ куэд хэлъщ, лъэпкъ зэхэгъэж ищlыркъым. Езыр цlыху зэгъащ, щlэныгъэ бгъэдэлъщ. ИтIанэ, сыт кьехьулIэми и щхьэр лъагэу иIэткъым, зигъэпагэркъым. Куэд илэжьами, и пщlэр кlалъытами, къызэрыгуэкI щыхуу кьэнэжащ. Дыхуэзарзэщщ. ГъащIэ кIыхь къигъэщIэну, зиузэщIыну Тхьэм жиIэ.

**БАКIУУ Хъанджэрий**, *филологие щlэныгъэхэм я доктор.*

Опрышкэ Олегрэ тхыдэдж-архивист Ионе Гавриилрэ.

**Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

● Фэ фщІэрэ?

# Псалъэхэм я мыхьэнэр

**Пшынауапщ1э**. Япэм щыІа хабзэхэм щыщщ. Нысэ къэзыша унагъуэм «джэгуакІуэ» къиштэри, и хьэгъуэлІыгъуэр зэфІэкІыху шыкІэпшынэ еуэу, гушыІуэу, цІыхухэр игъэжэгужэу щыІэт. Абы папщІэ нысащІэр тешэрысу здэщыІа унагъуэм къыбгъэдэкІыу джэгуакІуэм пшынауапщІэу зыш иратырт.

Хабзэр ноби щыІэщ, ауэ иджы пшынауэм (макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэхэм) иратыр ахъшэщ.

**Пшынэефэ**. ЦІыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкІэм ехьэлІа хабзэщ. Къуажэдэс гуэрым и хьыджэбз цІыкІум макъамэм зэчий хуиІэу, пшынэ еуэфу зигъэсэну хуейуэ, ауэ апхуэдэ Іэмэпсымэ къыхуащэхуну унагъуэм Іэмал зэримыІэр ящІыр. Хабзэм къикІрат: хьыджэбзыр зей унагъуэр ягъэпщафІэрти, щІалэгъуалэр абы щызэхуэсырт икІи щхьэж хуэзфІэкІым хуэдиз ахъшэу игъэтІылъырт. Пщыхьэщхьэ зэхэсым къыхэкІамкІэ хьыджэбзым пшынэ къыхуащэхурт. А хабзэм «пшынэефэкІэ» еджэу щытащ адыгэхэр.

Пшынэефэр нобэ щыІэжкъым, нэгъэущІ Іуэхугъуэхэм ехьэлІауэ абы и лъэужь гуэрхэр къэнами.

**Пщэдджыжьтыс**. Лэжьыгъэм, цІыху зэхэтыкІэм ехьэлІа псалъэщ.

Пасэм щыІагъуэ хьэблакІэрэ е жылэкІэрэ зэгъусэу цІыхухэр зэдзэлажьэрт: вэхэрт, сэхэрт, мэкъу еуэжрт, нэгъэущІ Іуэхухэр зэдащІэрт. Пщэдджыжьым жьыуэ гупыр зэщІэтаджэрти, вэрт е мэкъу еуэрт. Дыгъэр къыдэкІуэтея нэужь пщыІэм къытехьэжхэрти, пщэдджыжьышхэ ящІырт, тІэкІу загъэпсэхурти, лэжьыгъэм пэрыхьэжхэрт. Лэжьыгъэм къыпэрыкІауэ пщэдджыжьышхэ щащІэ зэманым «пщэдджыжьтІыскІэ» еджэу щытащ.

**Пщыдзэгъаз**э. Жылагъуэ зэхэтыкІэм, зэхущытыкІэм ехьэлІа хабзэщ. «ХьэщІэдзэгъаз» хабзэм ещхьщ. Пщым пщІэ зэрыхуащІыр къэгъэпсэлъэгъуэу адыгэхэм яхэлъа хабзэщ. ГъуэгурыкІуэр пщым хуэзамэ, абы и гъусэу кІэлъыкІуэрт, къигъэзэжыну хуит къащІыху. Пщым хуэзар лъэсмэ - зэрылъэсу, шумэ - зэрышууэ, гум исмэ - гум зэрису игъаазэу пщым дэкІуэтэн хуейт. А хабзэм «пщыдзэгъаз» еджэр.

**ПщІантІэдэнэ**. Фызышэ кІуахэм нысащІэр гум къэгъэтІысхьауэ пщІантІэм къыщыдэкІыжкІэ, хэгъэрейхэм куэбжэр ягъэбыдэрти, фадэрэ ерыскъырэ кърамытауэ ахэр къыдагъэкІыжьыртэкъым. Абы «пщІантІэдэнэкІэ» йоджэ, ящыныкъуэхэми «куэбжэ Іухьпщ1э» жаІэ.

Ди зэманым «пщІантІэдэнэм» папщІэ ахъши ят.

**ДУМЭН Хьэсэн.**

● ЩІалэгъуэ

Налшык къалэ щыІэ Абхъазым и утыкум бэрэжьей къэс адыгэ джэгу щокІуэкІ.

● ЖьІэгъуэхэр

# ЩІэр фІащ, дзыр зыфІащыж

♦**Псэр зыгуэрым и Іэмыщ1э илъмэ, хьэзаб тельщ.**
♦**Псэр - кІэнщ, зыхьэхум ейщ, ямыхьэхумэ, къыпІэщІэнащ.**
♦**Бжьыми пщІэ хуащІ, я пщэм дэлъмэ.**
♦**Гу зылъатэу уимыгъэхъхэр псоми ящІэу къэщІокІ.**
♦**ГъащІэм и Іэфіри езыгъэлеймкІэ гынщ.**
♦**ДимыІэмэ дыщІэтхъэусыхэну куэд къуэдзапІэм къуэлъщ.**
♦**И къалэныр зигу къэбгъэкІыжым пэбубыдІауэ къэщохъу.**
♦**Лэжьыгъэм зыпыІубдзмэ, гугъуехьым упэщІохуэ.**
♦**Мурадым Іэр техуэмэ... лъэр щІоху!**
♦**Псым уха́мыхьэкІэ къыпщІэуэн къанэрхъым.**
♦**ХъуэхъуакІуэ кІуар гувэмэ, хъуэн кхъьри къокІуэж.**
♦**ЩІэр фІащ, дзыр зыфІащыж.**
♦**ЩІхьэлыр нэщІу кІэрахъуэмэ, мэудзэгу.**
♦**ЩІхьэхынэм и шкІэр сыт щыгъуи шхэрейщ.**
♦**ЩІІэгъэкъуэным зытебгъащІэмэ, щІощІыкІ.**
♦**Іуэху зэмылІэлІам зыхущІэмыхьа фІащыж.**
♦**ИмылІэмрэ имыщІэмрэ зыфІэгугъум мылъкуи щІэныгъи игъэунэхуакъым.**
♦**Щхьэж хилъагъуэр гъащІэм хэлъщ.**
♦**ЩІэрыІэгъэм и пэр зэрымыщІэм къыхокІ, кІэри къызыхэкІам хохьэж.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

# КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэр

## *2012 гъэм и кІэухым тещІыхьауэ*

1. Адыгэхэр (къэбэрдейхэр) - 490.453-рэ.
2. Балъкъэрхэр -108.577-рэ.
3. Абазэхэр - 418-рэ.
4. Абхъазхэр - 102-рэ.
5. Авархэр - 425-рэ.
6. Агулхэр - 22-рэ.
7. Адыгейхэр - 524-рэ.
8. Азербайджанхэр - 2063-рэ.
9. Алеутхэр - 1.
10. Алтайхэр - 3.
11. Американхэр - 9.
12. Хъэрпхэр - 207-рэ.
13. Ермэлыхэр (армянхэр) - 5002-рэ.
14. Ассирийхэр - 55-рэ.
15. Афганхэр - 21-рэ.
16. Башкирхэр - 151-рэ.
17. Белорусхэр - 696-рэ.
18. Болгархэр - 218-рэ.
19. Британхэр - 13.
20. Бурятхэр - 4.
21. Мэжэрхэр (венгрхэр) - 9.
22. Вьетнамхэр - 2.
23. Гагаузхэр - 29.
24. Бгырыс журтхэр - 124-рэ.
25. Алыджхэр (грекхэр) - 222-рэ.
26. Куржыхэр (грузинхэр) - 1545-рэ.
27. Аджархэр - 2.
28. Мегрелхэр - 1.
29. Сонэхэр (сванхэр) - 6.
30. Даргинхэр - 438-рэ
31. Гузбэшыхэр (кубанихэр) - 1.
32. Дунганхэр - 1.
33. Журтхэр - 835-рэ.
34. Езидхэр - 8.
35. Ингушхэр - 1271-рэ.
36. Индхэр - 6.
37. Итальянхэр - 7.
38. Ительменхэр - 1.
39. Къэзахъхэр - 249-рэ.
40. Къалмыкъхэр - 38-рэ.
41. Къэрэкалпакхэр - 4.
42. Къэрэшейхэр - 1028-рэ.
43. Карелхэр -10.
44. Кьыргызыхэр - 52-рэ.
45. Китайхэр (чынтхэр) - 14.
46. Комихэр - 25-рэ.
47. Коми-пермякхэр - 14.
48. Корейхэр - 4034-рэ.
49. Кърым тэтэрхэр - 14
50. Къумандинхэр - 1.
51. Къумыкъхэр - 699-рэ.
52. Курдхэр (хьэмшэрийхэр) - 321-рэ.
53. Лакхэр - 1462-рэ.
54. Латышхэр - 46-рэ.
55. Лезгинхэр - 767-рэ.
56. Литовцхэр - 37-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ГЪУКІАКЪУЭ Иналщ.**

● Бжыгъэхэм къаІуатэ

● Псалъэжьхэр

# Нахуэ жыІэнрэ нэ ищІынрэ

♦**Хъыбар щІэупщІэ хъыбар ешІэ.**
♦**ЦІыхугъэ зиІэм жагъуэгъуи иІэщ.**
♦**Шэм нэхърэ бзэр нэхъ жэрщ.**
♦**Шыгъупластэм хьэтыр иІэщ.**
♦**Іущ и акъыл и гъуэмылэщ.**
♦**Унагъуэ умыхъуу къуажэ хъунукъым.**
♦**Мывэ дзыкІэ зымыщІэм и щхьэ къохуэж.**
♦**Нахуэ жыІэнрэ нэ ищІынрэ.**
♦**Нэгуф гум и гъуджэщ.**
♦**Нэпкъым тетыр къъуачэ хуклэкІэ Іэззщ.**
♦**ЩІым и Іэфірэ Іэфым и дагъэрэ.**

● Тхыгъэ кІэщІхэр

## Махъшитl

МахъшитІ хъуакІуэрти, зым банэ тІэкІу къричри адрейм иритащ.

- Сэри сошх мы кьыззэптам хуэдэ дыдэ, си гъунэгъуэ, - жиІащ банэр зратам.

- Хьэуэ, ар сэ уэстащи, нэхъ Іэфі къыпщыхъун хуейщ, - жиІащ модрейм.

## Уи нэхэр

Вагъуэхэм куэдрэ сыщеплъкІэ, ахэр уи нэхэм ещхь хъууэ хуохьэ. Сэ абыхэм си щхьэр яхузощ. Ауэ ахэр щымщ. Гу къысльатэкъым. ЩІыІэу къыщоцІу я вагъуэ лъагаІэм. Икіи сэ шэч къытесхьэркъым: ахэр уи нэхэращ.

## Ущалъхуа щІыпІэр

Дэ тщыщ дэтхэнэми мы уафэшхуэм и щІагъым щиІэщ зыми пимыщ, къыщалъхуа, и бынжэр щыпаупщІа щІыпІэ. А щы кІапэр, иужькІэ дэнэ дыщымыІами, ди гум имыхуу иІущ.

Зэи жумыІэ, уигу къыумыгъэкІыхьэ ар къыумыдзэу, зумыпэсу, уэ фІыуэ плъагъур дуней иныр ара хуэдэу. Дунейр фІыуэ щыпхуэлъагъунэр гъащІэм и сэламыр ягъэ щущиха щы кІапэр фІыуэ щыплъагъум дежщ. Ар пщыгъупщамэ, дунеишхуэм утегъуэщыхьауэ утету араща.

**ГУРУНЦ Леонид,**
*ермэлы тхакІуэ.*

*ЗэзыдзэкІар*
**КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.**

● Къуажэхьхэр

# НапІэр къезыгъэхуэх

**Тхылъыр зи Іэпэгъу, ЩІэблэм я ныбжьэгъу.**

**Жэщ зэрыхъуу унафэщІ, НапІэр къезыгъэхуэх.**

**ЩІэсхэр къызыщІэмыкІ, ЩІахьр зыщІэкІуэдыкІ.**

**Зи лъэгур мафІэ, Зи щыгур Іугъуэ.**

**Бжьыхьым и быдапІэ, БыдапІэм и дэкІыпІэ.**

**Тхъуэплъу ягъажьэрей, Шатэ Іувым дашхырей.**

**ЖЭУАПХЭР**:

**Ерзэджелуэ. Жеи. Жьэ. Жьэгу. Кубэрэ. Лэжьум.**

*Зэхэзылъхьар*
**ЩОДЖЭН Леонидщ.**

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

## Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ

# Уджыр къыбогъажьэ

● Зы уэрэдым и хъыбар

**Гухэлъ уэрэдхэм ди гъащІэм увыпІэшхуэ щаубыд. Нобэ дызытепсэлъыхьну уэрэдыр зэраусрэ илъэс 60-м нэблэгъащ.**

**Тхылъым зэритымкІэ, абы и псалъэхэр зейр Бещтокъуэ Хьэбасщ, макъамэр - Дыгъужь Хьусенщ (къуажэдсхэр зэреджэр ФІыщІэщ).**

А УЭРЭДЫМ и хъыбар зэхуэхьэсыну яужь сыщихьэм, сэ зыхуэзгъэзащ композитор ХьэІупэ Джабрэ́ІИл.

- 60 гъэхэм зэхэсхат «ФатІимэт» цІэр къыхэщу зы уэрэд. УзыІэпишэу уедалуэрт, ауэ, и кІэм нэсу мыхтауэ къысщыхьащ, - жиІащ ХьэІупэм. - Уэрэдыр зейр наІуэтэкъым. Еуэри, а макъамэм сыхэлэжьыхьыжри, нэгъэса хъуауэ къыщыслъытэм, Бещтокъуэ Хьэбас, а зэманым дзэм къулыкъу щищІэу щыІэти, письмо хузотх: «Хьэбас, мы макъамэ ныпхуезгъэхъыьм къезэгъыу псалъэ щІэплъхьамэ хьунт», - жызоІэри. Куэд дэмыкІыуи Хьэбас и жэуап къысІэрыхьэжащ. «ФатІимэ» цІэри хэмытыжу, псалъэхэри зэхъуэкІауэ. Сэ а зэманым сцІыхуртэкъым Дыгъужь Хьусен, и хъыбари зэи зэхэсхатэкъым, псэумэ, Тхьэм куэдрэ игъэузыншэ, уэрэдыр сысейщ жысІэркъым, сызэрыхэлэжьыхьыжар къыхэзгъащ къудейуэ аращ.

ХьэІупэ Джэбрэ́ІИл мы хъыбарыр къызжиІэжа иужь, мурад сщІащ Дыгъужь Хьусен къэзгъуэтыну. 2011 гъэм и накъыгъэ маэзм телевиденэм къыщыздэлажьэ режиссёр Абыдэ Динэрэ оператор Щоджэн Иналрэ си гъусэу докІуэ Къьамылыкъуэ къуажэм. Уэшхыр уридзкІуеиным хуэдэу къешхырт, къуажэм цІыху дэсу пщІэнтхъэм. Сытми, зы уэрам гуэр дыдохьэри, псы пэгунитІ иІыгъуу зы дадэ дыхуозэ. Машинэм дыкъикІыу, къэтлъыхъуэм и цІэр щыжьтІэм, къыпигуфІыкІщ, и пыІэр щхьэрихри: «Уэлэхьи, сыкъэвгъуэтамэ», - къыджиІащ.

ДыщІэкІуам и щхьэусыгъуэр щыжьетІэм къригъэжьащ:

- А уэрэдым фІэсщауэ щытар «ФатІимэщ». Сыкъимыдэу, зыкъыскухуигъэпагэу зы хьыджэбз куэдрэ къыкІэлъыхьжьыхащ. Сэ абы щыгъуэ колхозым трактористу сыщылажьэрт. Зы махуэ гуэрым губгъуэм ситу си щхьэм кІыхьащ а макъамэр. Махуэ зыбжанэкІэ сщымыгъупщэжу, сыгъуэлъэми сытэджми си щхьэм щыкІэрахъуэу екІуэкІащ, зэрыжаІэу, си сиутІыпщыртэкъым макъамэм. ИтІанэ псалъэхэр стхащ. Дзапэ уэрэду ирахжьэри, Сэрмакъ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм щыжаІэу щІадзащ, уеблэмэ радиомкІэ къат хъуащ. ИужькІэ ар сэ зэрыстхар къащІэри, сом 300 пощтымкІэ къысхуагъэхьауэ щытащ. Абы щыгъуэм ар ахъшэшхуэт. И псалъэкІи макъамэкІи а уэрэдыр зыхуэёи хуэзыгъэзэжа Бещтокъуэ Хьэбасрэ ХьэІупэ Джабрэ́ІилрэІ, уэрэдыр зи макъ щабэмкІэ цІыхубэм фІыуэ езыгъэлъэгъуа Къуныжь Хьэждал сымэ фІыщІэ яхузощ.

**ХЬЭПЦІЭ-КІУНТІЫЩ Аннэ.**



# Псалъэзэблэдз

***Екіуэкіыу:*** **1**. Ди щІынальэм щыІэ псыежэх. **4**. Школыр къэзыуха щІалэлащІэм ... ищІащ щІэнысІуэ ящхьэ зригъэгъэутыну. **6**. Адыгэ щІыхухэу псоми нэхъапэм кърахьэкІыу щыта Іэщэ. **8**. Зэгуамыгъэжу псэущхьэм траха фэ. **9**. ... щІэгъей. **11**. ЗэкъуэшитІым я бын, тІури Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэщ. **12**. ... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **13**. ЗэгъынэгъуитІым яку ... фІыцІэ дэжащ. **15**. Къэбыр Іэфі щыхъур ... теха нэужьщ. **19**. Ху къыізыщІаІуКІ къэкІыгъэ. **20**. Къунтхкіэ бдзэжьей щещэкІэ къагъэсэбэп хьэпщхупщ. **23**. «Ленэ даэкІей» уэрэдым и псалъэхэр, нэгъэущІ уэрэд дахэ куэди зи Іэдакъэ къыщІэкІа ... БетІал. **24**. Фадэкіэ ерыщ щІалэр игъуэ нэмысу ... фІыцІэжьым кІыэжащ. **25**. Унагъуэм и нартыху хъумапІэ. **26**. КъурІэным и зы пычыгъэ. **28**. Адыгэ пшынэр цІэрыІуэу щыта Пщыхьэщ1э ... **29**. Ику иту тонни 100 хуэдэ къэзышэч псэущхьэ. **30**. ЩІакъэуэм и щхьэ тежьыкІа. **33**. Іэпсльэпс. **35**. Псалъэ дахэм ... гъэмбым хъреш. **38**. ... и хъужьыкъым. **40**. Совет къэралыгъуэм и ЖьІэзэгъэпэщакІуэ. **41**. Президентым нэхърэ аятоллар щынэхъыщхьэ къэрал. **43**. Дохутырхэм - хущхъуэ, еІуящІэхэм - щхуу щхъухь къызыхах къэкІыгъэ. **44**. ЧыкІэ хуауэ гум трагъэувэ - нартыху нэхъыбэ ихуэн папщІэ. **45**. ЩІакхъуэ къызыхащІыкІ.

***Къехьу:*** **2**. Пасэрей адыгэ зауэлІым и гъущІ джанэ. **3**. Цы кІэщІ щабэ зытет щэкІ Іув. **4**. ГъущІ куэбжэ зиІэ гъущІ ... щощІэ. **5**. УІэгъэм и лъэужьу щыІфэм къытонэ. **6**. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэ режиссёр, тхакІуэ, уэрэдус, хьэрычэтыщІэ ... Мухьэдин. **7**. ... зыхэвэ нэхърэ бжэн зыхэпкІэ. **10**. ХакІуитІ зы ... щІэзагъэркъым. **14**. УнафэщІыр къэгубжьауэ уафэм ... дрепхьей. **16**. Бахъсэн районым хиубыдэ ящхьажэ. **17**. КъэкІыгъэхэр Іисраф зыщІ цІывыжь. **18**. ЦІыхубэ фейцІэйм, лъагъуГъуэйм щхьэкІэ къаІэгъэсэбэп псалъэ. **19**. Ди республикэм и правительствэм и Іэтащхьэ. **21**. Махуэщ. **22**. Губгъуэм щыІуахыжа гъавэр пІаІэкІэ щызэтраклуГэ щыпІэ. **27**. Аруан районым щыщ къужжэ. **31**. Гъуа нэужь жьым къурихьэкІ удэ баринэ лІэужьыгъуэ. **32**. Щэнхабзэм, литературэм хуэІэзэт РСФСР-м щыпсэу ЖьІэ зиІэ и ... Мысосстышхуэ Пщызэбий. **34**. Щыгъэр абы къыхащІыкІ хабзэщ. **36**. КъэзэшыгъуэфІэ. **37**. Щыгъыным хищІэ хьэпІащІэ. **39**. Адыгэ зауэлІ хахуэ, офицер, ди лъэпкъым къыхэкІа усакІуэ нэхъ Іэзэ дыдэхэм ящыщ. **42**. КІыщокъуэ Алим Хэку зауэшхуэм теухуауэ и Іэдакъэ къыщІэкІа поэмэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Бадзэуэгъуэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***Екіуэкіыу:*** **1**. Напэ. **6**. Гупыж. **9**. Мухьэрэб. **11**. Жэщ. **12**. Бгъэ. **13**. Ибэ. **14**. КІэрэф. **15**. Аркъэн. **16**. Гъудэ. **18**. Бардэ. **20**. Альтес. **23**. Гъурц. **24**. ЖьакІэмыхьу. **25**. Кърш. **26**. Бланэ. **27**. ПщыІэ. **28**. Пщы. **29**. Бзыгъэ. **32**. Бжьэпэ. **38**. Хьер. **39**. Хъушэ. **40**. Ажэ. **41**. Ухэныпэ. **44**. Тхьэм. **45**. КІэщт.

***Къехьу:*** **1**. Набжэ. **2**. ПщІащхьэ. **3**. Бу. **4**. Іэбгъэ. **5**. Уэ. **7**. Пэжищэ. **8**. Жэнэт. **9**. ПыІэ. **10**. Бардэ. **20**. Альтес. **23**. Махъшэ. **10**. Бытыр. **17**. Дихужжащ. **18**. Бырыб. **19**. Дыжьын. **21**. ПІэхъуэщ. **22**. Серчэ. **30**. Зэрыджэ. **31**. Гъымбу. **33**. ЖьантІэ. **34**. Пхъуантэ. **35**. Ахьмэт. **36**. Пшынэ. **37**. Сэлэт. **42**. Хы. **43**. Пхъу.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; суръэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтеГу зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хэутныныгъэр зэуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДышэкІ Соня,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.),* **Корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *суръэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1122**